INSTITUTE OF CIVILIZATION
ANO EDUCATIONAL ORGANIZATION

ИНСТИТУТ ЦИВИЛИЗАЦИИ
АВТОНОМНАЯ НЕКОММЕРЧЕСКАЯ
ОБЩЕОБРАЗОВАТЕЛЬНАЯ ОРГАНИЗАЦИЯ

362003, Российская Федерация, Республика Северная Осетия-Алания, г. Владикавказ, ул. Гастелло, 79
тел./факс: (8672) 52-82-70; e-mail: inci2001@inci.ru; сайт: www.inci.ru

| РАССМОТРЕН | СОГЛАСОВАНО | УТВЕРЖДЕНО |
|---|---|---|
| Методическим Объединением учителей | Заместитель Директора по УР | Директор |
| ________ Рамонова Ф.Г. | ________ Бизюкина Т.А. | ________ Касаева Э.Е. |
| Протокол №1 от «30» 08 2023г. | « 31» 08 2023 г. | Приказ №34 от «31» 08 2023 г. |

# Программа и календарно-тематическое планирование по осетинскому языку.

для обучающихся 10 класса

Учитель: *Рамонова Алина Владимировна*

2023-2024 учебный год

**Ахуырадон программæ ирон æвзагæй 10-æм къласы**

***Предметы актуалондзинад***

Æвзаг у адœмы уд œмœ зонд: цалынмœ œвзаг цœра, уœдмœ цœрынц адœм дœр, рœзы œмœ фидар кœны сœ национ культурœ, сœ национ хиœмбарынад.

**Ирон æвзаг** у нæ республикæйы паддзахадон æвзæгтæй иу, ирон адæмы мадæлон æвзаг. Куыд уырыссаг, афтæ ирон æвзаг дæр у **филологон циклы** иу хай æмæ рæзын кæны скъоладзауы коммуникативон культурæ, æххуыс ын кæны йæ ныхасы рæзтæн, уæрæх ын кæны йæ дунембарынад, хъомыл æй кæны нæ адæмы хуыздæр традицитæ æмæ æгъдæуттыл. Ирон œвзаг ахуыр кœнын, уымœй, куыд œмбœлы, афтœ пайда кœнын у стыр ахъаз фœсивœды патриотизмыл хъомыл кœнын, фидœны œхсœнад аразджытœ цœттœ кœныны хъуыддаджы. Мадœлон œвзаг зонын у нœ культурœйы ахсджиагдœр фœрœзтœй иу.

***Ирон œвзаг ахуыр кœныны нысантœ:***

- ахуырдзаутæн æвзаджы тыххæй иумæйаг зонындзинæдтæ раттын; бацамонын, алы адæмæн дæр йе æвзаг йæ национ хæзна кæй у, хъахъхъæнын æй кæй хъæуы;

-ахуырдзауты дзырдуат æмæ грамматикон зонындзинæдтæ фæхъæздыгдæр кæныныл бакусын;

-дзургæ æмæ фысгæ ныхасы рæзтыл бакусын, скъоладзауты коммуникативон арæхстдзинæдтæ æмæ зонындзинæдтæ фæуæрæхдæр кæнын;

-литературон æвзаджы нормæтимæ базонгæ кæнын, ныхасы уавæртæм гæсгæ сæ раст пайда кæныныл ахуыр кæнын.

***Ирон œвзаджы 10 къласы ахуырадон программœ арœзт у:***

- Уæрæсейы Федерацийы закъон «Ахуырады тыххæй»;
- Ног ахуырадон стандарттæ;
- Цæгат Ирыстон-Аланийы модернизацийы комплексон проект;
- Ирон национ ахуырады концепци ;
- Приоритетон национ проект «Нæ ног скъола»;
- Республикон программæ «Ирон æвзаг»; йæ автортœ: **Тахъазты Харум, Дзампарты Ларисœ, Дзодзыккаты Зœидœ, Цопанты Ритœ**.

Программœ сфидар кодта Республикœ Цœгат Ирыстоны – Аланийы Иумœйаг œмœ профессионалон ахуырады министрад.

Регианалон базисон ахуырадон пъланмæ гæсгæ ирон æвзаг ахуыр кæнынæн 10 къласы дих гонд **68 сахаты** афæдзмæ, къуыримæ та **- 2** сахаты.

***Программæмæ гæсгæ мадæлон æвзаг ахуыр кæныны фæстиуджытæ сты ахæмтæ:***

***Удгоймагон (личностные) фæстиуджытæ:***

1) скъоладзау хъуамæ бамбара, ирон æвзаг ирон адæмы национ-культурон хæзна кæй у, уый; мадæлон æвзаджы ахадындзинад стыр кæй у адæймаджы интеллектуалон æмæ сфæлдыстадон гæнæнтæ райрæзынæн, удварн хъæздыгдæр кæнынæн;

2) бамбарын ирон æвзаджы эстетикон нысаниуæг; рæзын кæнын мадæлон æвзагæн аргъ кæнын, хи æвзагæй сæрыстыр уæвыны æнкъарæнтæ; ирон æвзаг ирон адæмы стырдæр хæзнатæй иу кæй у, уый бамбарын; æвзаджы сыгъдæгдзинад æмæ культурæмæ бæрнон цæстæй кæсын фæцалх уæвын;

3) ныхас кæнгæйæ, ирон æвзаджы дзырдуат æмæ грамматикон мадзæлттæй раст пайда кæнын; хи ныхасмæ хъус дарын.

***Метапредметон фæстиуджытæ сты:***

• ныхасы хуызтæй пайда кæнынмæ арæхсын: хорз æмбарын дзургæ æмæ фысгæ ныхасы мидис (ныхасы сæр, тексты темæ, сæйраг хъуыды; сæйраг æмæ уæлæмхасæн информаци);

• стилистикон æгъдауæй æмæ сæ жанртæм гæсгæ алыхуызон чи у, ахæм текстытæ кæсын зонын (æвзаргæ каст, æмбаргæ каст æмæ æнд.);

• бакаст æрмæгæй (Интернетæй, дзыллон информацион фæрæзтæй, ахуырадон компакт-дисктæй) хъæугæ информаци равзарын зонын, алыхуызон дзырдуæттæй пайда кæнынмæ арæхсын;

• арæхсын темæмæ гæсгæ æрмæг сæмбырд кæнынмæ, раст фæткыл æй равæрынмæ; хибарæй хъæугæ информаци ссарынмæ;

• алыхуызон тексты мидис кæрæдзиуыл барын, сæ стилистикон æмæ æвзаджы хицæндзинæдтæ иртасын;

• текст хи ныхæстæй радзурынмæ, текстæн пълан бацæттæ кæнынмæ, конспект ныффыссынмæ, аннотаци бацæттæ кæнынмæ;

• ныхасы уавæрмæ гæсгæ аразын, сæ функционалон хуызтæ, стилистикон ахуырст æмæ жанртæм гæсгæ алыхуызон чи сты, ахæм текстытæ;

• тексты арæзтмæ хъус даргæйæ, хи хъуыдытæ фысгæ æмæ дзургæ ныхасы хуызы æргом кæнынмæ;

• монологон ныхас (таурæгъ, æрфыст, тæрхон) аразынмæ; диалогон ныхасæй пайда кæнынмæ;

• хи ныхас аразын литературон æвзаджы орфоэпион, лексикон, грамматикон, стилистикон нормæтæм гæсгæ; фысгæ ныхасы пайда кæнын орфографион æмæ пунктуацион æгъдæуттæй (нормæтæй);

• дзургæйæ ныхасы этикетон нормæтæм хъус дарын;

• ахуырты рæстæг хи ныхасы хъæд æмæ мидисмæ хъус дарын зонын, хи ныхасы рæдыдтытæ раст кæнынмæ арæхсын; хи арæзт тексттæ редакци кæнын зонын;

• ахуырты (урокты) рæстæг æмгæртты ’хсæн раныхас кæнынмæ арæхсын; арæхсын чысыл доклад кæнæ рефераты мидис раргом кæнынмæ; диспутты æмæ быцæуты архайын зонын, хи хъуыдыйы растдзинад бафидар кæнынмæ арæхсын.

***Предметон фæстиуджытæ сты:***

1) æвзаджы сæйраг функцитæ иртасын; ирон æвзаджы паддзахадон нысаниуæг цæй мидæг ис, æвзаг æмæ адæмы культурæйы бастдзинад цы нысан кæны, мадæлон æвзаджы ахадындзинад адæймаджы царды;

2) ирон æвзаджы наукон бындуртæ; ирон æвзагзонынады хæйттæ æмæ иуæгтæ, сæ бастдзинад;

3) лингвистикæйы бындурон æмбарынæдтæ: лингвистикæ æмæ йæ сæйраг хæйттæ; æвзаг æмæ ныхас, дзургæ æмæ фысгæ ныхас; монолог, диалог æмæ сæ хуызтæ; ныхасы уавæр; хуымæтæг ныхасы, наукон, публицистикон, официалон-хъуыддаджы стильтæ; аив литературæйы æвзаг, ныхасы функционалон хуызтæ (таурæгъон, æрфыстон, тæрхон), текст, тексты хуызтæ; æвзаджы сæйраг иуæгтæ, се ’ууæлтæ æмæ хицæндзинæдтæ, ныхасы мидæг сæ пайда кæнын;

4) ирон æвзаджы лексикæ æмæ фразеологийы нормæтæ зонын, ирон литературон æвзаджы нормæтæ (орфоэпион, лексикон, грамматикон, орфографион, пунктуацион) зонын, ныхасы этикетон нормæтæ зонын, раст сæ пайда кæнын;

5) æвзаджы сæйраг иуæгтæ æмæ грамматикон категоритæ зонын, иртасын сæ, ныхасы уавæртæм гæсгæ сæ раст пайда кæнын;

6) дзырды алыхуызон æвзæрстытæ (фонетикон, морфемикон, дзырдарæзтон, лексикон, морфологион) зонын, дзырдбаст æмæ хъуыдыйады синтаксисон æвзæрст, тексты иумæйаг æвзæрст кæнынмæ арæхсын;

7) лексикон æмæ грамматикон синонимтæ иртасын, хи ныхасы мидæг сæ пайда кæнын зонын;

8) мадæлон æвзаджы эстетикон функцитæ иртасын, аивадон литературон уацмысы текст æвзаргæйæ, ныхасы эстетикон ахуырст иртасын зонын.

***Скъоладзауты арæхстдзинæдтæ (компетенцитæ):***

*Коммуникативон компетенци* (арæхстдзинад) амоны, цæмæй скъоладзаутæ арæхсой ныхасы хуызтæй (дзургæ, фысгæ, хъусгæ) пайда кæнынмæ, ныхасы уавæртæм гæсгæ арæхсой сæ ныхас аразынмæ.

*Æвзагон æмæ лингвистикон арæхстдзинад (компетенци)* – зонын мадæлон æвзаджы наукон бындуртæ, ирон литературон æвзаджы нормæтæ; бакусын дзырдуат хъæздыг кæныныл, райсын грамматикон зонындзинæдтæ; æвзаджы иуæгтæн анализ кæнынмæ арæхсын, æвзаджы дзырдуæттæй пайда кæнын зонын.

*Культурæамонынады (культуроведческая) компетенци* – ирон æвзаг ирон адæмы культурæимæ зонгæ кæныны фæрæз кæй у, уый æнкъарын; æвзаджы бастдзинад истори æмæ адæмы культурæимæ зонын, ирон ныхасмы этикетон нормæтæ зонын, пайда кæнынмæ сæ арæхсын

10-æм кълæсы ахуырадон программæйы курс аразгæйæ, хъусдард цæуы алыхуызон арæхстдзинæдтæ 5-9 кълæсты ахуырадон программæмæ.

10 –æм къласæн фæлхатгонд цæуынц хицæн грамматикон категоритæ: фонетикæ, лексикæ, дзырдарæзт, морфологи, Чиныг кæй нæй, уый тыххæй пайдагонд цæуы ныхасы – тематикон урочытæй. Тексты бындурон фæлхатгонд цæуы грамматикон æрмæг, стæй цæуы тексты концептуалон анализ. Текст ма æххæст кæны хъомыладон хæстæ дæр. Иумæйаг методикæйы скъоладзауты ныхасы рæзтыл куыст фæрæвдздæр кæнынæн амонынц текстимæ баст фæлтæрæнтæй пайда кæнын.

***10 къласы ирон æвзаджы программæйы мидис.***

**Разныхас**.

Ирон æзаджы бынат иннæ æвзæгты ‘хсæн. Ирон æвзаг иртасджытæ.

**Фонетикæ.**

Ирон æвзаг иртасджытæ. Раулæфтон æмæ æнæраулæфтон æвиппайдон æзылангон æмхъæлæсон мыртæ (к, п, т, ч). Раулæфт бæрæггæнæг дамгъæ гъ. Иу дамгъæйы фæлхаткæнынад. Тыхджын æмæ лæмæгъ хъæлæсонтæ ирон æмæ дыгурон æвзæгты. Æмхъæлæсон мыртæ дз, ц, з, с-йы растдзурынад ирон литературон æмæ дыгурон литературон æвзæгты. Уырыссаг æмхъæлæсонтæ æмæ хъæлæсонты растдзурынад æрбайсгæ дзырдты. Æмхъæлæсон æмæ хъæлæсон мырты ивддзинæдтæ. Уæнг. Цавд. Цавды æгъдæуттæ. Акцентуалон къордтæ. Дзырды фонетикон æвзæрст.

**Дзырдарæзт.**

Морфемæты хуызтæ.Ирон æвзаджы дзырдарæзты уаг. Ахадгæ, æнæахадгæ æмæ чысылахадгæ дзырдарæзты ферæзтæ. Морфемæты стилистикон æууæлтæ.

**Лексикæ.**

Ирон æвзаджы дзырдуатон сконд. Дзырдты бастдзинад кæрæдзиимæ сæ мидисмæ гæсгæ. Лексикон бастдзинады фæрæзтæ тексты хъуыдыйадты æхсæн.

Дзырдты лексикон нысаниуæг. Синонимтæ æмæ антонимтæ. Омонимтæ. Фразеологизмтæ.

**Морфологи**.

Ныхасы хæйтты системæ ирон æвзаджы. Сæ категоритæ. Хауæнтæ, сæ нысаниуджытæ. Номдар. Номдарты бирæон нымæцы рæзт.Номдарты растфыссынад.

Миногон. Миногонты дзырдарæзт. Миногонты растфыссынад.

Нымæцон. Нымæцонты арæзт.

Номивæг. Номивджыты арæзт.

Мивдисæг. Мивдисджыты растфысс.Ивгъуыд афоны мивдисджыты формæты растфыссынад.

Миногми. Миногмиты растфыссынад.

Фæрсдзырдтæ. Сæ нысаниуæг.

**Æххуысгæнæг ныхасы хæйттæ.**

Сæ функцитæ дзырдбаст, хъуыдыйады æмæ тексты мидæг.

***Сœйраг домœнтœ 10- œм къласы ахуыргœнинœгты зонындзинœдтœ œмœ арœхстдзинœдтœм.***

1. 10-œм къласы œвзагœй цы фæзындтæ ахуыр кодтой , уыдонœн сœ раиртœстытœ; орфографии œмœ пунктуацийы œгъдœуттœ зонын, фидар кæнын хи дæнцæгтæй; стилистикœ æмæ ныхасы культурæимæ баст фæрстытæ амонын.

2. Бæрæг кæнын дзырды лексикон æмæ грамматикон æууæлтæ; дзырдтæ æмæ дзырдбæстытæй сæ лексикон æмæ стилистикон æууæлтæм гæсгæ пайда кæнын; ирон литературон æвзаджы сæйраг нормæтæ зæрдыл дарын; дзырдты æмæ дзырдты къордтæ раст кæсын цавды нысанмæ гæсгæ.

3. **Пунктуацийœ.** Ссарын пунктуацион рœдыдтытœ œмœ сœ раст кœнын. Хуымœтœг œмœ вазыгджын хъуыдыйœдты, комкоммœ ныхасы, цитатœимœ хъуыдыйœдты хъœугœ œрхœцœн нысœнттœ œвœрын. Арœхсын пунктуацион œвзœрст кœнынмœ.

4. **Орфографийæ**. Цы орфограммæтæ ахуыр кодтой, уыдон тексты агурын æмæ сæ раст кæнын. Арæхсын орфографион æвзæрст кæнын.

5. **Ныхасы рæзтæй.** Амонын ныхасы хуызтæ æмæ стильтæ стæй текст аразæг хæйттæ. Текст аив кæнын алыхуызон æвзаджы аивгæнæн – нывæфтыд мадзæлттæй. Аразын тексттæ алыхуызон стильтæм гæсгæ; фыссын сочинении литературон уацмысмæ гæсгæ. Текст редакции кæнын зонын, алыхуызон рæдыдтытæ иувæрсгæнгæйæ. Хи арæзт текст хъæздыг кæнын аивгæнæн – нывæфтыд фæрæзт

**Ахуыры рæстæджы пайдагонд цæудзысты** репродуктивон и продуктивон ахуыры методтæ:

- информацион технологи;
- цæстуынгæ æрмæг,
- ИКТ,
- уацмыстæм иллюстраци,
- амонæн литература.

**Æрмæг куыд æмбæрстгонд æрцыд, уый сбæрæг гæнæны хуызтæ:**

*тест саразын; фысгæ, дзургæ дзуæппытæ; нывæцæн, изложении.*

***Контролы формæтæ***

- индивидуалон
- къордæй
- фронталон

***Контролы хуызтæ***

- развæлгъау
- æрвылбон
- тематикон
- контролон

**Урочыты хуызтæ:**

- урок-ног æрмæг амынд
- урок-практикон куыст

- уроки-хъазт
- компьютерон урок
- урок -къодты куысты формæ
- ныхасы рæзты куыст
- интеграцигон урок

**Технологитæ:**

- традицион технологи;
- архайды технологитæ;
- иннæ предметты бастдзинадимæ

**Къæлиндарон-тематикон пълан ирон æвзаджы курсæн 10-æм къласы**

| № п/п | Сæргонд | Сахат | Бон | Урочы темæ | Фæстиуджытæ |
|---|---|---|---|---|---|
| 1. | Разныхас ирон æвзагзонынады историйæ. | 1 | 05.09.2023 | Ирон æвзаджы бынат иннæ æвзæгты ‘хсæн. Ирон æвзаг иртасджытæ. | ***Зонын:*** æвзаджы равзæрд, йæ нысан æхсæнады, йæ бастдзинад культурæимæ æмæ культурæйы тæмæн æвзаджы. |
| 2. | Фонетикæ. Орфоэпи. | 1 | 07.09.2023 | Мыртæ æмæ дамгъæты бастдзинад. Дыууæ нысанæй амынд мыртæ. | ***Зонын:*** дамгъæтæ æмæ мырты ‘хсæн цавæр бастдзинад ис, уый; хицæн кæнын раулæфтон æмæ æнæраулæфтон æвиппайдон æзылангон æмхъæлæсон мыртæ; тыхджын æмæ лæмæгъ хъæлæсонтæ ирон æмæ дыгурон æвзæгты; раст æвæрын цавд, стæй хицæн кæнын акцентуалон къордтæ; дзырд фонетикон æвзæрст кæнын. |
| 3. | | 1 | 12.09.2023 | Раулæфтон æмæ æнæраулæфтон æвиппайдон æзылангон æмхъæлæсон мыртæ (*к, п, т, ч*). Раулæфт бæрæггæнæг дамгъæ *гъ*. | |
| 4. | | 1 | 14.09.2023 | Иу дамгъæйы фæлхаткæнынад. Тыхджын æмæ лæмæгъ хъæлæсонтæ ирон æмæ дыгурон æвзæгты. | |
| 5. | | 1 | 19.09.2023 | Æмхъæлæсон мыртæ *дз, ц, з, с*-йы растдзурынад ирон литературон æмæ дыгурон литературон æвзæгты. | |
| 6. | **К/К** | 1 | 21.09.2023 | **Бацæуæн контролон диктант грамматикон хæстимæ.** | |
| 7. | | 1 | 26.09.2023 | Уырыссаг æмхъæлæсонтæ æмæ хъæлæсонты растдзурынад æрбайсгæ дзырдты. Æмхъæлæсон æмæ хъæлæсон мырты ивддзинæдтæ. | |
| 8. | | 1 | 28.09.2023 | Уæнг. Цавд. Цавды æгъдæуттæ. Акцентуалон къордтæ. Дзырды фонетикон æвзæрст. | Растфыссынады æгъдæуттæ сбæрæг кæнын. |
| 9. | Орфографи. Орфограммæ. | 1 | 03.10.2023 | Орфограммæ. Орфографийы принциптæ. | ***Зоной:*** орфографийы цыппар принципы, стæй орфографийы æгъдæуттæ. |

| | | | | | |
|---|---|---|---|---|---|
| 10. | | 1 | 05.10.2023 | Орфографион ӕгъдӕуттӕ. | |
| 11. | | 1 | 10.10.2023 | Орфографион ӕвзӕрст. | |
| 12. | Лексикӕ. | 1 | 12.10.2023 | Лексикӕ. Дзырдты бастдзинад сӕ мидисмӕ гӕсгӕ. | ***Зоной:*** дзырдтӕ кӕрӕдзиимӕ цавӕр бастдзинады сты, уый; бастдзинады фӕрӕзтӕ ӕвзарын; дзырдты тематикон къордтӕ иртасын; хицӕн кӕнын иунысаниуӕгон ӕмӕ бирӕнысаниуӕгон дзырдтӕ; иртасын метафорӕ, метоними, оксюморон, градаци, антитезӕ; синонимты хуызтӕ ӕвзарын; хицӕн кӕнын ӕрбайсгӕ дзырдтӕ неологизмтӕ ӕмӕ зӕронд дзырдтӕй; дзырд лексикон ӕвзӕрст кӕнын. |
| 13. | | 1 | 17.10.2023 | Лексикон бастдзинӕдты фӕрӕзтӕ тексты хъуыдыйӕдты ‘хсӕн. | |
| 14. | | 1 | 19.10.2023 | Дзырдты лексикон нысаниуӕг. | |
| 15. | | 1 | 24.10.2023 | Дзырдты тематикон къордтӕ. | |
| 16. | | 1 | 26.10.2023 | Иунысаниуӕгон ӕмӕ бирӕнысаниуӕгон дзырдтӕ. | |
| 17. | | 1 | | Метафорӕ. | |
| 18. | | 1 | | Метоними. | |
| 19. | | 1 | | Омонимтӕ. | |
| 20. | | 1 | | Синонимтӕ. Антонимтӕ. | |
| 21. | | 1 | | Градаци. | |
| 22. | | 1 | | Антитезӕ. | |
| 23. | | 1 | | Оксюморон. | |
| 24. | **К/К** | 1 | | **Тест аивгӕнӕн мадзӕлттӕй.** | |
| 25. | | 1 | | Ӕрбайсгӕ дзырдтӕ. | |
| 26. | | 1 | | Диалектизмтӕ. | |
| 27. | | 1 | | Сӕрмагонд лексикӕ: терминтӕ ӕмӕ профессионализмтӕ. | |
| 28. | | 1 | | Зӕронд дзырдтӕ ӕмӕ неологизмтӕ. | |
| 29. | | 1 | | Лексикон ӕвзӕрст. | |
| 30. | **К/К** | 1 | | **Афӕдзы ӕмбисы административон контролон диктант рацыд ӕрмӕгӕй.** | Зонындзинӕдтӕ сбӕрӕг кӕнын. |
| 31. | Фразеологи. | 1 | | Уӕгъдибар ӕмӕ ӕнӕуӕгъдибар (ӕнгом ӕмӕ ӕнӕдихгӕнгӕ) дзырдбӕстытӕ. | ***Зоной:*** дзырдбӕстыты къордтӕ; иртасын уӕгъдибар ӕмӕ ӕнӕуӕгъдибар дзырдбӕстытӕ; фразеологион антонимтӕ, синонимтӕ ӕмӕ омонимтӕ. |
| 32. | | 1 | | Фразеологион синонимтӕ, антонимтӕ ӕмӕ омонимтӕ. | |

| | | | | | |
|---|---|---|---|---|---|
| 33. | Литературон æвзаг æмæ йæ нормæтæ. | 1 | | Литературон æвзаг. Литературон æвзаджы нормæтæ. Нормæйы кодификаци. | ***Зоной:*** литературон æвзаджы нысаниуæг æмæ йæ ахадындзинад; литературон æвзаджы нормæтæ; нормæты хуызтæ. |
| 34. | | 1 | | Иумæйагæвзагон, литературон æмæ стилистикон нормæтæ. Æнæстилистикон æмæ стилистикон рæдыдтытæ. | |
| 35. | Стилистикæ æмæ ныхасы културæ. | 1 | | Стилистикæ æмæ ныхасы културæ. Стилистикон нысаниуæг. Стилистикон нормæ. | ***Зоной*:** стилистикæйы сæйраг æмбарынæдтæ æмæ къабæзтæ; стилистикон нысаниуæг æмæ нормæ; иумæйаглитературон дзырдтæ иртасын чиныгон дзырдтæй; дзырдты æнкъарæнджын-экспрессивон нысаниуæг. |
| 36. | | 1 | | Ирон лексикæ æмæ фразеологийы стилистикон миниуджытæ. | |
| 37. | | 1 | | Дзырдты стилистикон дихкæнынад. | |
| 38. | | 1 | | Иумæйаглитературон дзырдтæ. Чиныгон дзырдтæ. Дзургæ ныхасы лексикæ. | |
| 39. | | 1 | | Фразеологион иуæгты стилистикон дихкæнынад. Дзырдты æнкъарæнджын-экспрессивон нысаниуæг. | |
| 40. | | 1 | | Фæлгонцджын дзырдтæ. Эпитет. | |
| 41. | | 1 | | Стилистикон æвзæрст. | |
| 42. | **С/К** | 1 | | **Нывæцæн хи æвзæрст темæйæ.** | ***Арæхсын:*** Текст аразгæйæ алыхуызон синтаксисон конституцитæй (иувæрсыг хъуыдыйæдтæй, æмхуызон уæнгтæй, сидæнтæй, бавæргæ арæзтытæй æмæ æнд.) пайда кæнын зонын. |
| 43. | Этикетон ныхас. | 1 | | Этикетон ныхас. Йæ арæзт æмæ йæ хæстæ. | ***Зонын*:** этикетон ныхасы ахадындзинад; этикетон ныхасы къордтæ æмæ сæ формулæтæ алыхуызон уавæрты; формулæты пайдакæнынад. |
| 44. | | 1 | | Салам дæттыны ныхæстæ æмæ дзуæппытæ. | |
| 45. | | 1 | | Уазæг æмæ фысымы ‘хсæн ныхас алыхуызон уавæрты. | |

| | | | | | |
|---|---|---|---|---|---|
| 46. | | 1 | | Курдиаты формулæтæ. | |
| 47. | | 1 | | Хатыр курыны ныхæстæ æмæ йæ дзуæппытæ | |
| 48. | | 1 | | Хистæр æмæ кæстæры, ныййарджытæ æмæ сывæллæты ‘хсæн ныхас. | |
| 49. | | 1 | | Арфæтæ æмæ куывдтытæ. Сæ хицæндзинад. | |
| 50. | | 1 | | Рæвдауæн дзырдтæ. | |
| 51. | Морфологи. | 1 | | Ныхасы хæйттæ ирон æвзаджы. | ***Зонын*:** ныхасы хæйтты дихкæнынад; иртасын сæрмагонд ныхасы хæйттæ æххуысгæнæг ныхасы хæйттæй; мивдисæджы разæфтуантæ æмæ сæ нысаниуæг; мивдисæджы афонтæ, цæсгæмттæ иууон æмæ бирæон нымæцты; иртасын здæхæнтæ афонтæм гæсгæ. |
| 52. | | 1 | | Сæрмагонд ныхасы хæйтты грамматикон категоритæ. | |
| 53. | | 1 | | Хауæнты нысаниуджытæ. | |
| 54. | | 1 | | Хауæнты хуызтæ ирон æмæ дыгурон литературон æвзæгты. | |
| 55. | | 1 | | Мивдисæг. Мивдисæджы грамматикон категоритæ. | |
| 56. | | 1 | | Мивдисæджы формæты ивынад. | |
| 57. | | 1 | | Миногми æмæ фæрссагми. Миногмион здæхт. Фæрссагмион здæхт. | |
| 58. | | 1 | | Мивдисæджы бындуртæ. | |
| 59. | | 1 | | Мивдисæджы разæфтуантæ. | |
| 60. | | 1 | | Мивдисæджы афонтæ æмæ здæхæнты нысаниуджытæ. | |
| 61. | | 1 | | Æххуысгæнæг ныхасы хæйттæ. Бæттæгтæ. Хайыгтæ. | |
| 62. | | 1 | | Разæвæрдтæ æмæ фæсæвæрдтæ. | |
| 63. | | 1 | | Æвастхъæртæ. | |
| 64. | | 1 | | Мырфæзмæн дзырдтæ. Морфологион æвзæрст. | |
| 65. | **К/К** | 1 | | **Тест** | |

| | | | | | |
|---|---|---|---|---|---|
| 66. | | 1 | | Афæдзы кæрон рацыд æрмæгæй контролон диктантмæ бацæттæ. | |
| 67. | **К/К** | 1 | | **Афæдзы кæрон рацыд æрмæгæй контролон диктант.** | ***Арæхсын:*** текст фысгæйæ, грамматикон хæстæ æххæст кæнын. |
| 68. | | 1 | | **Рæдыдтыл куыст.** | Ахуырадон архайды къухы цы бафтыд / нæ бафтыд, уый бæрæг кæнын. |

**Тематикон пълан ирон æвзаджы курсæн 10-æм къласы**

| № п/п | Темæ | Сахæтты нымæц | К/к нымæц | Контролон куыстытæ | | Ныхасы райрæзт | |
|---|---|---|---|---|---|---|---|
| | | | | Диктант | Тест | Изложени | Нывæцæн |
| 1. | Разныхас ирон æвзагзонынады историйæ | 1 | | | | | |
| 2. | Фонетикæ. Орфоэпи. | 6 | | | | | |
| 3. | Бацæуæн контролон диктант грамматикон хæстимœ | 1 | | | | | |
| 4. | Орфографи. Орфограммæ. | 3 | | | | | |
| 5. | Лексикæ | 17 | | | 1 | | |
| 6. | Афæдзы æмбисы административон контролон диктант рацыд æрмæгæй. | 1 | | | | | |
| 7. | Фразеологи | 2 | | | | | |
| 8. | Литературон æвзаг æмæ йæ нормæтæ | 2 | | | | | |
| 9. | Стилистикæ æмæ ныхасы културæ | 7 | | | | | 1 |
| 10. | Этикетон ныхас | 8 | | | | | |
| 11. | Морфологи | 14 | | | 1 | | |
| 12. | Афæдзы кæрон рацыд æрмæгæй контролон диктантмæ бацæттæ | 1 | | | | | |
| 13. | Афæдзы кæрон рацыд æрмæгæй контролон диктант | 1 | | | | | |
| 14. | Рæдыдтыл куыст | 1 | | | | | |